Wikipédia

Basa Tajik

Basa Tajik (забо́ни тоҷикӣ́, *zaboni tojiki, zaboni forsii tojik*) ya iku jinis Pèrsi modern kang dituturnang karo Wong Tajik ning Tajikistan, sapérangan Uzbèksitan kutha Bukhara lan Samarkand. Basa iki dadi basa resmi nagara Tajikistan[1]. Basa Persia ning daérah iki digenti arané dadi Tajik ning jamané pamaréntahan Stalin taun 1932[2]. Maksudé iku kanggo ngebedaaken penutur basa Persi ning Asia Tengah karo ning Iran[2]. Basa iki masih sadulur karo Basa Pèrsi ning Iran lan Afghanistan. Sedurungé basa iki sok karan dialeké basa Pèrsi sedurungé Uni Soviét duwé kuasa ning wewengkon Tajikistan taun 1920an[1]. Amarga Tajikistan bekas nagara Uni Sovyèt, ana robahan léksikon lan tembung silihan sing basa Rusia. Penulisan hurupé gen robah, sing hurup Arab-Pérsi dadi hurup Kiril[2].

Ning jaman sekien, basa iki bisa ditulis ning telung macem tulisan, ya iku hurup Arab-Persi (tulisan klasik Tajik), hurup Kiril, lan hurup Latin. Pemréntah Tajikistan sekien lewih condong nganggo tulisan Kiril tinimbang hurup Arab-Pérsi atawa Latin[3][4].

Tajik	
	тоҷикӣ, تاجیکی, *tojikī*
Asal	Tajikistan, Iran, Kazakhstan, Afganistan, Pakistan, Kirgizstan, Rusia (Asia), Turkmenistan, Ukraina, Uzbekistan
Laladan	Asia Tengah
Panyatur asli	kira-kira 6.380.000 (2012) (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Indo-Eropa Indo-Iran Iran Iran Kulon Iran Kulon daya Pérsia
Aksara	Sirilik, Latin, Persia-Arab
Status resmi	
Basa resmi ing	Tajikistan
Kodhe basa	
ISO 639-1	`tg`
ISO 639-2	`tgk`
ISO 639-3	`tgk`

Isi

Dialék

Kaya basa Pérsi séjéné, basa Tajik gan ana dialék-dialék ning sekubengané Tajikistan. Dialék Tajik bisa dibagi dadi rong kelompok, ya iku lor-kulon lan tenggara.

- Lor, wewengkon Bukhara, Samarkand, Derbend ning Uzbékistan, lembah Ferghana, Dushanbe
- Tengah, pérangan dhuwur lembah Zarafshon.
- Kidul, ngebentang sing kidul nganti wétan, ning Kulob lan Qarotigin
- Tenggara, ning pagunungan Badakhstan

Dialék lor ana pengaruh sing basa Uzbék lan dienggo karo wong Pérsi-Yahudi ning Bukhara[1].

Huruf Tajik

Sedurung taun 1928, basa Tajik ditulis nganggo huruf Arab Pérsi, ya iku jinis varian huruf Arab kanggo nulis basa Pérsi[5]. Selanjuté ditulis nganggo huruf Aksara Latin antara taun 1928 nganti 1940. Huruf Latin diajaraken ning wong Tajik iku sewisé Revolusi Russia taun 1917 kanggo ningkataken literasi lan jarak basa sing pengaruh Islam[1]. Basa Tajik toli nganggo huruf Sirilik nganti sekiyen. Nanging ning taun 1989, pemréntah Tajikistan, metuaken undang-undang supaya basa Tajik nganggo huruf Arab Pérsi maning. Ana maning kang péngén nganggo huruf Latin nanging sampé sekiyen, pemréntah Tajikistan masih nganggo huruf Sirilik lan sekiyen kang diarani alfabét Tajik ya huruf Sirilik iku.

Ning isor iki ditodokaken warna-warna huruf atawa alfabét kang pernah lan masih dienggo nulis basa Tajik miturut tahapané.

Arab-Pérsi

Alfabét Tajik ning huruf Arab-Pérsi

ذ	د	خ	ح	چ	ج	ث	ت	پ	ب	ا
/z/	/d/	/χ/	/h/	/tʃ/	/dʒ/	/s/	/t/	/p/	/b/	/ɔː/
غ	ع	ظ	ط	ض	ص	ش	س	ژ	ز	ر
/ʁ/	/ʔ/	/z/	/t/	/z/	/s/	/ʃ/	/s/	/ʒ/	/z/	/ɾ/
	ی	ه	و	ن	م	ل	گ	ک	ف	ق
	/j/	/h/	/v/	/n/	/m/	/l/	/g/	/k/	/f/	/q/

Latin

Tajik Latin

A a	B ʙ	C c	Ç ç	D d	E e	F f	G g	Ƣ ƣ	H h	I i
/æ/	/b/	/tʃ/	/dʒ/	/d/	/eː/	/f/	/g/	/ʁ/	/h/	/i/
Ī ī	J j	K k	L l	M m	N n	O o	P p	Q q	R r	S s
/i/	/j/	/k/	/l/	/m/	/n/	/ɔː/	/p/	/q/	/ɾ/	/s/
Ş ş	T t	U u	Ū ū	V v	X x	Z z	Ƶ ƶ	'		
/ʃ/	/t/	/u/	/ɵː/	/v/	/χ/	/z/	/ʒ/	/ʔ/		

Tajik Sirilik

Tajik Sirilik

А а	Б б	В в	Г г	Ғ ғ	Д д	Е е	Ё ё	Ж ж	З з	И и	Ӣ ӣ

/æ/	/b/	/v/	/g/	/ʁ/	/d/	/eː/	/jɔː/	/ʒ/	/z/	/i/	/ˈi/
Й й	К к	Қ қ	Л л	М м	Н н	О о	П п	Р р	С с	Т т	У у
/j/	/k/	/q/	/l/	/m/	/n/	/ɔː/	/p/	/ɾ/	/s/	/t/	/u/
Ӯ ӯ	Ф ф	Х х	Ҳ ҳ	Ч ч	Ҷ ҷ	Ш ш	Ъ ъ	Э э	Ю ю	Я я	
/ɵː/	/f/	/χ/	/h/	/tʃ/	/dʒ/	/ʃ/	/ʔ/	/eː/	/ju/	/jæ/	

Rujukan

1. Perry, John R. (2005). *A Tajik Persian Reference Grammar*. Leiden-Boston: Brill. kk. 1–4.
2. "Tajik language, alphabet and pronunciation-Omniglot" (http://www.omniglot.com/writing/tajik.htm). *Omniglot*. Dijupuk 12 September 2017.
3. Mace, John (2003). *Persian Grammar for Reference and Revision*. London: Routledge Curzon. k. 3. ISBN 0-700-71695-5.
4. Khojayori, Nasrullo; Thompson, Mikael (2009). *Tajiki Reference Grammar for Beginners*. USA: Georgetown University Press. k. 1.
5. Yousef, Saeed; Torabi, Hayedeh (2013). *Basic Persian: A Grammar and Workbook*. Oxon: Routledge. k. 1. ISBN 978-0-415-61651-5.